

Aplikasyon Gwoup Desen yo ki Dirije pa Kominote a

Dat Apliksyon yo deyo: mèkredi 20 Oktòb, 2021

Dat delè Aplikasyon an: mèkredi 10 Novanm, 2021

Mèsi paske ou enterese pou patisipe nan Kominote kap dirije Gwoup planifikasyon an. An Avril 2021, Majistra Janey te mande Kabinè Sante ak Sèvis Imen (HHS), Depatman Polis Boston (BPD), ak EMS nan Boston pou travay sou kreye pwogram pilòt pou reimajine fason yo reponn a kriz sante mantal yo. An jeneral, objektif pwogram pilòt yo se pou ogmante patisipasyon travayè sante mantal e diminye patisipasyon lapolis. Pandan tan efò sa a, Vil la te genyen dis sesyon pou yo te kabap tandemoun e de reyinyon publik, epi li te itilize yon demand pou jwenn enfòmasyon dirèkteman de kominote a. Angajman sa yo vinn fè yo devlope twa inisyativ pou plan pilòt yo pou amelyore repons pou sante mantal yo: (1) amelyore modèl ko-repons yo, (2) entwodwi yon repons altènatif, dirije pa EMS nan Boston ak travayè sate mantal yo, e (3) kreye yon repons ki dirije pa kominote a.

Gwoup planifikasyon kap dirije pa kominote a pral responsab pou adrese twazyèm inisyativ la pou kreye yon pilòt repons dirije pa kominote a. Gwoup la dwe gen ladan li omwen dis rezidan Boston ki se pwofesyonèl ak / oswa eksperyans ke yo te viv avèk pwoblèm sante mantal ki dakò pou konsidere ak kreye yon plan pou pilote yon repons ki dirije pa kominote a nan kriz sante mantal yo. Nou vize pou-n rasanble yon gwoup moun ki soti nan plizyè diferan katye nan Boston, idantite, ak eksperyans yo viv. Nap genyen sèvis entèprèt disponib pou rezidan ki pa pale Anglè yo. Ou ka mande lang ou pi pito pale a nan aplikasyon an.

Lè wap chwazi manm yo pou Gwoup Planificasyon an, nou pral chèche manm kominote devwe ki vle angaje yo nan pwosesis difisil sa a. Aplikan yo pa kapab aplike sou non yon òganizasyon oswa yon antite. Yo ankouraje manm kominote yo pou yo fè referans a pwòp eksperyans pa yo te viv e kijan li fòme dezi yo pou fè pati nan Gwoup Planifikasyon nan aplikasyon yo.

Estrikti:

Kominote kap dirije gwoup planificasyon an ap rankontre pou jiska de zè de tan, de fwa nan yon mwa, a pati de Desanm 2021 - Me 2022. Yo atann pou manm yo dwe patisipe aktivman nan reyinyon vityèl yo oswa an pèsòn, baze sou prekosyon COVID-19 yo ak restriksyon yo. Pandan reyinyon ke nou fasilitè yo, gwoup la ap bay ide yo, yap di sa yo panse, reyaji sou ide yo, epi bay sijesyon kap mennen nan yon pilòt pou yon repons Kominote kap dirije nan kriz sante mantal la. Sijè ki posib pou Gwoup planificasyon gen ladan, men ki pa limite a yon vizyon pou yon repons dirije pa yon kominote, stigma maladi sante mantal, repons lengwistik ak repons yo kiltirèl ki apwopriye a kriz sante mantal, ak fòmasyon manm kominote a. Andeyò tan reyinyon ofisyèl la, yo atann pou manm gwoup yo dedye 2 èdtan an plis a sou yon refleksyon pwofon sou sa reyinyon avan yo e pou prepare ide pou pwochen

reyinyon an e. Yo kapab mande manm yo tou pou dirije ansanm oswa pou yo ko dirije oswa patisipe nan sesyon pou kominate a tandé nou pou kolekte enfòmasyon se kominate a. Chak reyinyon dwe gradyèlman travay pou genyen yon rapò final ki detaye planifikasyon ke yo rekòmande a pou yon plan pilòt sou yon repons dirije pa kominate a de kriz sante mantal.

Yap bay chak manm lajan yon montan de \$1,200 pou rekonèt tan yo ak efò yo paske yo patisipe nan Gwoup Planifikasyon an e pou ede konpanse nenpòt gadri ki nesesè pou timoun ak lajan pou transpòtasyon ki asosye avèk patisipasyon yo. Yo atann pou manm gwoup yo patisipe nan omwen 9 a 12 reyinyon yo. Yap bay lajan yo an twa vèisman

Manm Gwoup Aplikasyon ke yo chwazi yo ap bezwen siyen yon Akò a Kominote kap dirije pou sèvi kòm yon dokiman, pou di-w ou dakò ke ou se:

- Yon rezidan nan Vil Boston
- Wap patisipe nan omwen 9 a 12 reyinyon yo nan Gwoup Planifikasyon an.
- Wap li enfòmasyon ke yo voye bay gwoup la pou prepare pou reyinyon yo
- Wap bay yon opinyon ki pwofon nan reyinyon yo
- Wap dakò pou aprann ak konprann ide lòt manm gwoup yo
- Wap patisipe ak angaje nan pwosesis difisil yo
- Wap sentre sante ak sekirite pou tout rezidan pandan tout pwosesis sa
- Wap reprezante tèt ou sèlman avèk eksperyans ke ou viv e pa yon òganizasyon oswa yon antite.

Aplikasyon ak delè yo:

Pou aplike pou kapab yon manm nan Gwoup planifikasyon ki dirije pa Kominote a, tanpri ranpli aplikasyon ki atache la. Tanpri voye aplikasyon ou ranpli a bay Krystal Garcia, nan krystal.garcia@boston.gov. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan Gwoup Aplikasyon an oswa aplikasyon an, tanpri rele oswa imèl Krystal nan 617-635-3950 oswa

krystal.garcia@boston.gov. Tout aplikasyon yo dwe ranpli epi retounen a nou menm nan mèkredi 10 Novanm 2021 vè 5:00 PM EST. Nap rele oswa imèl pou fè ou konnen si nou resevwa aplikasyon-w nan. Yo kapab kontakte aplikan yo pou fè aranjman pou yon entèvyou an pèsòn oswa nan Zoom. Yon desizyon final sou ki moun ke yap envite pou ki yon manm nan Gwoup aplikasyon sa 30 Novanm, 2021. Mèsi ankò paske ou enterese a Gwoup Planifikasyon ki dirije pa Kominote a!

Si ou ta renmen soumèt aplikasyon ou an pèsòn, vini nan City Hall la Sal 806 epi mande pou kite aplikasyon an pou Krystal Garcia.

Fòm Aplikasyon

Yap kenbe tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a prive e konfidansyèl. Yo pral itilize li sèlman pou demand Aplikasyon-w la ki dirije pa Gwoup Kominote- la

Dat: _____

Non (Prenon, Siyati): _____

Imèl Adrès: _____

Ki ras ou/A ki etnisite ou idantifye-w? (chwazi tout sa ki aplikab)

- a. Azyatik
- b. Nwa oswa Afriken Ameriken
- c. Ameriken Natif Natal oswa Alaska Natif Natal
- d. Awayen Natif Natal oswa Pacific Islander
- e. Blan
- f. Espanyòl oswa latino
- g. Lòt: _____

Laj: _____

Okipasyon: _____

A ki sèks ke ou idantifyè tèt ou avèk li pi plis?

- a. Fi
- b. Gason
- c. Non-binè
- d. Prefere pou-m pa di
- e. Lòt: _____

Eske ou gen yon andikap?

- a. Wi
 - b. Non
 - c. Prefere pou-m pa di
- Si wi, kijan ou ka dekri andikap ou an? Tcheke tout sa ki aplikab.
- a. Soud, oswa anpil difikilte pou tandé
 - b. Avèg, oswa anpil difikilte pou wè (menm si ou mete linèt)

- c. Difikilte pou konsantre, sonje, oswa pran desizyon akoz de yon kondisyon fizik, mantal, oswa emosyonèl
- d. Anpil difikilte pou mache oswa monte eskalye
- e. Difikilte pou abiye oswa benyen
- f. Difikilte pou achte pou kont ou tankou vizite biwo yon doktè oswa fè makèt akoz de yon kondisyon fizik, mantal, oswa emosyonèl

Nou gen sèvis tradiksyon ki disponib. Ki lang ou prefere?

- a. Arab
- b. Kreyòl Kap Vèd
- c. Chinwa
- d. Anglè
- e. Panyòl
- f. Vyetnamyen
- g. Pòtigè
- h. Lòt: _____

Katye ak kòd postal: _____ Si ou bay sèvis
ki gen rapò ak sante mantal pou rezidan nan Boston yo, nan ki katye (yo) ou sèvi?

Deklarasyon sou enterè

Ki sa ki motive ou pou sèvi nan Gwoup Planifikasyon ki dirije pa Kominote a? Ki sa ki fè ou konsène de amelyore repons pou kriz sante mantal la? Ki kapisite, byen, kalifikasyon, ak / oswa eksperyans lavi-w ou ka pote nan Gwoup Planifikasyon sa a? Si ou te viv yon eksperyans, kijan li pral enfòme patisipasyon-w? (mwens ke 500 mo)

Tanpri atache deklarasyon-w nan, nan aplikasyon an.

Mèsi pou enterè ou pou kapab sèvi nan Kominote ki dirije pa Gwoup Planifikasyon an

Tanpri konsève dokiman ou la tankou: CLDGApplication2021_FIRSTNAME_LASTNAME
Imèl dokiman ou ranpli a nan krystal.garcia@boston.gov Ou kapab tou poze nenpòt kesyon ou kapab genyen nan menm imèl adrès sa.

Kesyon yo poze souvan

Èske mwen dwe viv nan yon katye espesifik pou-m kapab patisipe?

Non, tout rezidan Boston yo ta dwe santi yo lib pou yo aplike nan kèlkeswa katye yo rete nan Boston.

Mwen pa rete nan Boston, men mwen travay nan Boston e mwen ta renmen patisipe. Èske mwen ka toujou aplike?

Pandan ke nou apresye dezi ou pou sèvi nan Gwoup Planifikasyon an, pou kounyea tout manm yo dwe ap viv nan Vil Boston.

Eske ap genyen sèvis entèprèt disponib pou Gwoup Planifikasyon an si key o ta prefere kominike nan yon lòt lang?

Wi, sèvis entèprèt ap disponib, men wap bezwen di nou sa davans. Rasire ke ou endike ki lang ou pale pi byen nan pwoesisis aplikasyon an.

Poukisa yap bay yon lajan monetè pou patisipan yo?

Vil Boston an apresye pwofondman tan ak ekspètiz manm kominote a pral envesti nan sèvi nan Gwoup Planifikasyon sa. Tout manm ke yo chwazi yo ap resevwa yon lajan monetè pou rekonèt tan ak efò ke yap mete nan sèvi nan Gwoup sa a epi ede konpanse nenpòt gadri ki nesesè ak depans pou transpòtasyon ki asosye ak patisipasyon yo. Lè nou bay pèman lajan nou wè:

- Ede vini a plis opinyon nan travay
- Demontre ke nou bay valè a konesans ak patipasyon kominite a
- Ankouraje plis konsistans, ak responsabilite, nan patisipasyon

Mwen pa gen tan pou-m patisipe nan Gwoup Planifikasyon an men mwen ta renmen bay ide mwen sou repons ki dirije pa Kominote a nan kriz sante mantal yo, kijan ke mwen kapab fè sa?

Gwoup Planifikasyon ki dirije pa Komonite a pral bay opòtinite ak lòt kominote pou eksprime yo. Tanpri veye opòtinite sa yo nan mwa kap vini yo.